

# Règleman


## CONCOURS DE BEAT A PARTIR DE L'HYMNE À LA JOIE DE L'UNION EUROPÉENNE





# CONCOURS DE BEAT

## A PARTIR DE L'HYMNE À LA JOIE DE L'UNION EUROPÉENNE



\*

### Entwodiksyon

Inyon Ewopeyèn an Ayiti ap òganize yon konkou "beat" (logo sonò) nan lide pou bay delegasyon a yon son pou idantifye l, epi ki reflete volè l. Pou sa fèt, Delegasyon Inyon ewopeyèn konte sou kreyativite konpozitè ak "beatmaker" k ap viv nan kat kwen peyi a pou yo pwopoze yon nouvo vèsyon im ewopeyèn nan ki dwe modèn, avèk rit ayisen. Zèv ki ap ranpòte premye pri a ap adapte pou gen plizyè vèsyon pou nou difize sou anpil platfòm.

### Kondisyon pou patisipe yo

Konkou sa louvri pou patisipan (fanm kou gason) nan tout depatman Ayiti yo. Enskripsyon nan konkou a gratis.

Pou patisipe nan konkou sa ou dwe :

- Gen 18 lane pou pi piti
- Kreye yon beat, ki ka dire ant 30 a 60 segonn kise yon lòt vèsyon « Hymne à la joie- ode to joy », Ki kapab telechaje nan lyen sa :  
<https://www.coe.int/en/web/about-us/the-european-anthem>
- Ranpli epi siyen **fomilè** enskripsyon an sou entènet epi bay yon adrès imel k ap mache
- Voye tout dokiman sa nou pral site la yo nan fomilè a an jpeg oubyen an pdf san yo pa depase 2Mo:
- Fotokopi yon pyès idantite tankou paspò oswa kat idantite Yon "CV" ki pa dwe depase 2 paj.


### Kijan ou ap kapab transmèt konpozisyon ou a

Patisipan yo ap gen pou yo voye yon lyen telechajman Dropbox / Google Drive oubyen WeTransfer ki gen konpozisyon yo a. Tout lyen Dropbox / Google drive ki pa aksesib ap lakoz kandida ap diskalifye sou plas.

Chak gress moun ka patisipe yon sèl fwa nan konkou a

Si plizyè konpozitè vle mete tèt yo ansanm pou yo patisipe nan konkou a, yo ap ranpli yon sèl fomilè enskripsyon kòm gwoup.

Si yo genyen, nou ap remèt gwoup la pri a e montan ki te prevwa pap chanje



# CONCOURS DE BEAT

## A PARTIR DE L'HYMNE À LA JOIE DE L'UNION EUROPÉENNE



\*

### Dire konkou a

Konkou a ap komanse 13 Novanm pou li bout 12 Desanm 2023. Dat limit pou nou soumettenskripsyon yo se 30 Novanm 2023 a 11:59 nan aswè

#### Karakteristik teknik

- . Dire : Beat nou yo dwe dire ant 30 e 60 segonn, li dwe li fèt apati de "Hymne à la joie"
- . Lojisyèl/materyèl : Nou lib pou nou itilize lojisyèl oubyen materyèl nou vle.
- . Fòma : voye yon vèsyon mp3 epi yon "multipiste", fichye WAV – 44.1 KHz / 24 bits.

#### Rekonpans yo

Lè tout kandidati yo fin depoze 30 Novanm, yon jiri ki konpoze k ap gen ladan plizyè pèsonalite nan monn atistik la, laprès ak kèk reprezantan delegasyon "Union européenne" Ayiti yo ap gen pou chwazi twa finalis.

Nou ap gen pou nou konnen klasman final la nan seremoni a kote nou ap remèt pri yo jou ki ap 12 desanm 2023.

#### Prim pou 3 pi bèl konpozisyon yo:

- . Premye plas : 1, 500 "USD"
- . Dezyèm plas : 600 "USD"
- . Twazyèm plas : 400 "USD"



# CONCOURS DE BEAT

## A PARTIR DE L'HYMNE À LA JOIE DE L'UNION EUROPÉENNE



### Kalandriye konkou a

12 novanm	Lansman konkou a
30 novanm	Dènye jou pou enskripsyon
02 - 05 desanm	Premye seleksyon jiri a – Anons piblik 3 finalis yo
12 desanm	Seremoni kote pri yo ap remèt

### Kondisyon jeneral yo

Nou bay tèt nou dwa, nan diskresyon nou menm sèl , pou nou kanpe konkou a nenpòt lè san nou pa bay preyavi. Nou gen posiblite sa tou si, pou kèk rezon teknik oubyen jiridik,nou pa ka mete konkou a sou pye korèkteman. Nan ka sa, nou bay tèt nou dwa pou nou remèt patisipan elijib nou rive idantifye yo, pri a jis nan moman anilasyon an, sou desizyon jiri a. Nou bay tèt nou dwa tou, nan diskresyon nou menm sèl, pou nou retire nenpòt moun nan konkou a:

- a) Si gen manipilasyon ki lye ak reyalizasyon aksyon an,
- b) Si gen vyolasyon kondisyon jeneral nou bay yo,
- c) Si gen move konpòtman,
- d) Si gen fo enfòmasyon oubyen ki ta vle twonpe nou,
- f) Si gen "plagiat"

Nou gentan transfere yon bon pati nan sèvis ki nesesè pou mete pwojè a sou pye bay sila ki konsène yo. Patnè koperasyon an ap gen pou stoke done patisipan yo Esklizivman nan kad reyalizasyon konkou sa. Tout done (zèv ki pa seleksyone yo) ap gen pou yo efase lè konkou a fini.